

Timou ki nan Fanmi Dakéy nan

WIC

FANM, TIBEBE AK TIMOUN



Kisa Pwogram WIC a ye?

WIC se yon pwogram nitrisyon pou tibebe ak timoun ki gen pi piti pase 5 lane ak pou fi ki ansent, k ap bay tete oswa ki pa gen lontan depi l te ansent.

WIC bay bagay sa yo, gratis:

- Manje ki fòtifyan, ki bon pou lasante
- Sipò nan alètman
- Edikasyon ak konsèy sou nitrisyon
- Oryantasyon pou moun rive jwenn swen sante ak sèvis kominotè yo

Paran fanmi dakéy k ap okipe yon timoun ki gen pi piti pase 5 lane, fi ki ansent oswa ki pa gen lontan depi l te ansent, epi k ap viv Florida, ta dwe aplike pou WIC. Timoun ki nan fanmi dakéy yo elijib pou jwenn revni WIC la otomatikman.

Fason pou w Aplike pou WIC pou yon Timoun ki nan Fanmi dakéy

Rele biwo lokal WIC ou a pou w pran yon randevou pou sètifikasyon.

Lè w rive nan randevou a, yo pral mande pou w bay dokiman sa yo:

- Idantifikasyon Paran Fanmi Dakéy la (yo).
- Yon lèt plasman/yon dokiman tribinal la bay ki moutre yo te plase timoun nan nan fanmi dakéy la ansanm ak non paran fanmi dakéy la(yo). Y ap aksepte lèt plasman an kòm yon dokiman idantite timoun ki nan fanmi dakéy la ak prèv rezidans la si l gen non timoun nan ladan l ak kote yo plase timoun nan nan yon adrès nan Florida. Si enfòmasyon sa a pa nan lèt plasman an, y ap mande w pou w bay lòt dokiman idantite ak prèv rezidans timoun ki nan fanmi dakéy la.
- Nenpòt dokiman medikal timoun nan, menm demand alekri ki te fèt pou manje espesyal oswa pou melanj pou tibebe.

Si timoun nan ap patisipe aktyèlman nan WIC epi yo voye l nan yon fanmi dakéy, kontakte biwo lokal WIC ou a pou w ka chanje enfòmasyon ki sou kont timoun nan ki gen pou wè ak kote yo te plase l la. Yon resètifikasyon WIC pa nesèsè pou pèmèt yon timoun soti nan yon kote yo te plase l pou l al nan yon lòt. Asire w, ou enfòm biwo WIC la si timoun nan chanje plasman oswa si li pa nan fanmi dakéy ankò.

Ak kisa ou dwe Atann ou nan Randevou ou genyen ak WIC a

Nan randevou sètifikasyon an, anplwaye WIC yo pral:

- Revize dokiman ou yo.
- Mande w enfòmasyon tankou adrès ou, nimewo telefòn ou, ak si w ta renmen pou yo ajoute lòt moun pou ede w.
- Mande w enfòmasyon demografik tankou edikasyon, ras, orijin etnik. Sa a se sèlman pou zafè estatistik epi li pa gen okenn efè sou elijibilite.
- Refere w pou w ale kote ki gen sèvis kominotè ak swen sante yo.
- Peze epi mezire timoun nan.
- Mande w bagay ki gen pou wè ak istwa medikal ak nitrisyonèl timoun nan, epi diskite sou fason timoun nan ap grandi, sou sa l abitye manje, ak sou bezwen nitrisyonèl li yo.
- Ede w fikse yon objektif nitrisyonèl pou timoun nan epi swiv pwogrè k ap fèt yo.
- Revize epi adapte kit alimantè WIC bay yo ak bezwen timoun nan.
- Bay yon kat WIC EBT epi diskite sou kou-man/ki kote yo itilize l.
- Mete soti youn(1) jiska twa(3) mwa avantaj alimantè sou kat WIC EBT a, selon dat pwochen randevou a pwograme a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Biwo lokal WIC ou a oswa biwo WIC pou Eta a nan: 1-800-342-3556
[FloridaHealth.gov/WIC](https://www.floridahealth.gov/WIC)

Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinite egale pou tout moun.

Florida
HEALTH

4/9/2026

